


SETELAH selesai mandi, Jahuri segera mengemas barangnya untuk menemui teman-temannya. Tapi, dia termangu cukup lama di depan meja kayu hitamnya ketika tak menemukan sebatang rokok pun di bungkusnya. Tentu saja ini membuatnya tak nyaman. Karena pertemuannya dengan teman-teman miskinnya pasti membutuhkan waktu lama, dan itu artinya membutuhkan rokok. Apalagi itu soal jalan keluar dari kemiskinan, harus banyak asap. Pikirannya agak berakut, dan dia mulai ragu untuk pergi.

Karena masih gamang dan penasaran, tangannya mencoba merogoh setiap saku baju dan celananya. Dia mengeluarkan semua isinya, dan hanya menemukan uang kertas dua ribuan sepuluh lembar, uang receh lima ratusan berjumlah enam koin, korek gas warna merah tua, dan batang korek yang ujungnya penyet dengan ujung penghiti karena sering digigit, dan kena debu kantongnya.

Semua kekayaannya itu dia hitung secara hati-hati. Semuanya bernilai empat kali naik angkot, dan dua batang rokok eceran. Korek gas dan batang korek tak dihitung sebagai kekayaan untuk semantara. Wajahnya kecewa. Setelah itu dia duduk di kursi dan mencoba mempertimbangkan untuk pergi, atau membeli rokok. Pikirannya mulai menghitung-hitung, tapi hatinya mempertimbangkan lain. Dan begitulah, akhirnya Jahuri memutuskan membeli empat batang rokok kretek. Setidaknya dia punya modal untuk memulai, sebelum akhirnya merepotkan rokok temannya.

Teman-teman Jahuri, semuanya hampir sama



ILUSTRASI JOS

keadaannya. Punya masalah keuangan akut sepanjang tahun-tahun yang kering, dan terus berulang di tahun-tahun berikutnya. Setidaknya, keadaannya itu sudah berlangsung selama sepuluh tahun jika dihitung dari usia mandirinya. Mereka tak pernah menemukan jawaban mengapa itu menimpa mereka -kecuali mereka memang pengangguran.

Ketika Jahuri sampai di rumah Andi yang sempit, dan hanya berisi dua kursi tua, di sana sudah duduk di karpet lusuh berdebu warna biru kemerahan; Madan dan Nano. Jahuri meminta teman-temannya berkumpul untuk membahas nasib mereka. Dia punya gagasan untuk memecahkan masalah nasib buruk mereka, dan artinya itu keuangan. Katanya, mereka bisa meminta bantuan seorang kiai

yang dia dengar mampu membuat mereka kaya.

"Uang balik," Jahuri menyebutnya.

"Apa itu?" tanya Nano.

"Kiai itu bisa memberikan uang seratus ribu, setiap kali kita belanja akan balik lagi."

"Wah, bagus itu, tapi syaratnya apa?" Andi kini bertanya setelah selesai menyuguhkan kopi.

"Semua ada syaratnya, tapi nanti kita bisa dengar langsung dari kiai," jawab Jahuri.

"Pasti berat syaratnya," Madan menyela pesimis. "Tapi tak masalah, boleh itu," Madan mengoreksi tanggapan-

nya. Jahuri tertawa mendengarnya. Dia meraih gelas kopinya, sambil berkata, "Lebih berat kalau masuk penjara karena gagal merampok."

Madan meraih bungkus

rokoknya dan disela Jahuri yang meminta sebatang. Madan melemparkan sebatang rokok yang diminta dan bertanya, "Tempatnya di mana itu?"

"Tuban," jawab Jahuri sembari menyalakan rokoknya.

"Jauh sekali," keluh Andi.

"Nanti di sana kita diberi doa-doanya untuk dibaca. Tapi syarat lain, kita harus menebus maharnya," Jahuri menjelaskan. Matanya menatap Andi.

"Berapa?"

"Lima juta untuk seratus ribu, dua setengah juta untuk lima puluh ribu, dan sejuta untuk dua puluh ribu."

Informasi terakhir ini membuat ruangan kecil itu sepi. Mereka kecewa. Jahuri mencoba menjelaskan fungsi dan manfaatnya bagi mereka. Katanya setiap jumlah mahar menentukan berapa nilai balik yang akan diberikan. Jahuri menghitung, bila lancar, meskipun mereka hanya bisa mengambil nilai terkecil, yaitu dua puluh ribu, dalam setahun saja, mereka bisa kaya. Tapi, meskipun hitungan itu masuk akal, tapi tetap tak mampu membuat mereka senang.

"Uang dari mana aku," kata Andi sambil tertawa.

"Mungkin patungan," usul Jahuri. Meskipun dirinya juga tidak yakin bisa mendapatkan uang untuk patungan.

"Bagaimana?"

Usulan itu pun tak ada yang menanggapi. Semuanya diam. Dan rokok tinggal sebatang. Ayam berkokok di luar. Lalu, terdengar suara Madan memberikan usulan lain. Katanya, kita cari yang mudah saja. Tapi, sepertinya tetap saja tak ada yang mudah. Madan mengusulkan menemui Nyai Blorong. □

*) **Ranang Aji SP**, penulis fiksi dan esai. Tinggal di Magelang.

MEKAR SARI

SRENGENGE lagi wae angslup ing langit iring kulon, wayahe repet-repet candhikala. Ki Rejo wus tekan ngomah, sawise sesore bendhe ngarit suket ing sawah. Dheweke banjur resesik awak ing mburi. Tumrap wong tani, racake padha duwe ingon-ingon rajakaya. Ki Rejo dhewe ngingu sapi cacah loro. Sapi loro kasebut saben dina diritke suket, kadhangkala dipakani damen, rendeng, tebon, kalanjana, utawa gegodhongan ijo saka kebon. Senajan klebu wus ora enom maneh, taun iki Ki Rejo ngancik umur pitung puluh loro taun, ananging babagan tandang gawe isih cukat trengginas. Saben dina ngarit suket diwadahi kranjangan banjur disunggi digawa mulih. Nalika ungsum gaweyan sawah, nglawet, ndhaut, mbanjari, utawa ngepalani tandur, ora kalah tandang gawene karo nom-noman jaman saiki. Semono uga nalika ungsum panen, Ki Rejo asring melu rombongan derep panen pari. Apamaneh jaman saiki angel golek tenaga derep, rombongan derep Ki Rejo kelariisan nganti antri-antri anggone nampa derepan.

"Wite lombok sawah lor ndesa wus kelep, Pakne. Iki mau dakbedholi," guneme Nyi Rejo njedhul saka pawon karo nggawa wakul isi sega.

"Isih ngawoh ora?" pitakone Ki Rejo.

"Ki mau udakara sepuluh kilo ya isih ana, langsung dakterke nane bakule Sarwo, mumpung isih payu, sekilone sewidak ewu," wangsulane Nyi Rejo karo njupuk besi isi jangnan bekothok mbayung.

"Ya sokur nek isih payu, Bune."

"Iya, untung wae panen wingi kae awake dhewe menangi rega apik, Pakne. Sekilo tekan satus ewu."

Ki Rejo nyidhuk sega ing wakul karo manthuk-manthuk. Anggone dodolan lombok pancen ngepasi rega dhuwur. Ora kurang dhuwit limalas yuta kecekel ing tangan saka panen-an lombok.

"Idhep-idhep nggo ijol le nandur pari. Nandur pari jaman saiki ora bebathe. Lha piye, reregan rabuk larange ora umum, kosok baline rega gabah murah. Babar blas ora jebul," batine Ki Rejo nggresula.

"Nanging wong tani mono, nandur pari ancasa ora arep didol, nanging kanggo kabutuhan mangkat saben dinane. Mula bab untung rugi, ora patiya dipikir. Wong tani menawa nyandhing panen-an gabah rasane ayem, cetha ora bakal kaliren."

"Sambel jenggote dientekke, Pakne." Krungu swarane Nyi Rejo gawe cabar lamunane Ki Rejo.

Awan kuwi wayahe bar bedhug. Ki Rejo wus ngangsa arit lan nyepakake kranjangan sedyang mangkat ngarit suket ing sawah. Nyi Rejo uga arep mangkat arisan panggonane Pak RT, Ngahad Kliwonan. Durung nganti budhal dumadakan keprungu swara uluk salam.

"Kula nuwun." Krungu swara cemengklung

sawijining kenya.

Nyi Rejo mbukak lawang ngarep, "Mangga..."

"Badhe pinanggih Bapak, wonten?" Jebul ana pawongan telu wus ngadeg sangarep lawang. Kenya ayu kang uluk salam diampingi wong lanang loro, sing siji dhuwur nganggo kacamata, sijine cendhek nganggo topi.

"Eh wonten. Pakne... Pakne... iki ana tamuli celathune Nyi Rejo sora ngundang guru lakine kang isih ubet ing mburi.

"Mangga... mangga..." Ki Rejo njedhul manggakake tamune.

"Dados mekaten, Bapak. Kula mriki niku badhe andum hadhiyah...", guneme pawongan dhuwur nganggo kacamata sawise lungguh ing ruwang tamu.

"Hadhiyah?" pitakone Ki Rejo semu gumun, semono uga Nyi Rejo.

"Sampeyan asring ngunjuk kopi?" pitakone kenya ayu. Ki Rejo manthuk.

Kapusan Cerkak: Sumarno



ILUSTRASI JOS

"Cobi kula ngampil bungkusipun," panjaluke kenya iku.

"Jajal golekna neng pawon, Bune," prentahe Ki Rejo marang sisihane.

"Isih ora bungkuse ya, Pakne..." Nyi Rejo mlebu pawon. Pawongan lanang loro nututi mlebu pawon.

"Nah, niki wonten," swarane salah siji pawongan karo nggawa bungkus kopi diwenehake kenya ayu kang nunggu karo Ki Rejo ing ruwang tamu.

"Wah, sampeyan begja kemayangen niki. Dados niki sampeyan pikantuk arta gangsal yuta rupiah menawi saged nedahaken bungkus kopi menika."

Ki Rejo lan Nyi Rejo pandeng-pandangan karo mesem sajak bungah atine krungu katrangane

kenya ayu kasebut.

"Sampeyan kepengin tambah arta gangsal yuta malih mboten?" pitakone kenya iku karo ngetokake buntelan amplop coklat.

"Lha inggih," jawabe Ki Rejo cekak.

"Menawi kepengin, sampeyan kedah mundhut kopi ingkang kados menika cacah sedasa bungkus wonten wande," kandha mangkono kenya iku karo ngulungake dhuwit atusan ewon salemba marang Ki Rejo.

"Wah, menawi wande sacelak mriki mboten wonten kopi menika?"

"Kedah pados wande ingkang wonten," wangsulane kenya iku.

"Wis aku wae Pakne sing mangkat golek kopi." Nyi Rejo njalak dhuwit atusan ewon kang dicekel Ki Rejo.

Ditinggal mungkur Nyi Rejo, kenya ayu aweh werna-werna pitakon marang Ki Rejo. "Wonten dalem namung tiyang kalih, Bapak?"

"Lha inggih."

"Sampun dangu ngunjuk kopi?"

iNggih sampun sawentawis danguÖi

Ki Rejo katungkul mangsuli pitakon-pitakon kenya ayu kang ngambra-ambra, lena ora maspadakake ana pawongan loro sesidheman mlebu kamar banjur nggledhah lemari.

"Nyuwun pangapunten, Bapak, wekdalipun sampun telas," celathune kenya ayu sawise weruh pawongan loro metu kamar karo ngedhepake mripat.

"O nggih, lajeng pundi hadhiyah kangge kula?" pitakone Ki Rejo.

iSampeyan mboten siyos pikantuk hadhiyah, sebab anggenipun mundhut kopi kliwat wekdalipun."

"Lho?"

Durung nganti entuk wangsulan, pawongan telu wus mlaku rikat ninggalake Ki Rejo.

"Lajeng arta setunggal atus ewu wau?"

"Kangge sampeyan mawon, Bapak," wangsulane kenya ayu sora saka plataran. Ing pojokan dalan, wus ana mobil kang ngenteni lan pawongan telu iku gage mungah mobil. Lungane mobil bareng karo tekane Nyi Rejo.

"Kopine wis oleh, Pakne..." Napase Nyi Rejo krenggosan nyenen-kemis. Ki Rejo wis ora patiya nggape tekane Nyi Rejo. Dheweke memburi, arep nyidakke mangkat sawah ngarit. Nyi Rejo kang isih semu gumun weruh ulate guru lakine lan tamune kang wus ora ana, banjur mlebu kamar. Kayangapa kagete nalika nyumurupi kahanan kamare pating blengkrah, sandhangan pating glarah, lawang lemari menga sajak mentas digledhah. Nyi Rejo cubriya banjur mbukak laci lemari kang kanggo nyimpen dhuwit dodolan lombok. Weruh laci wus kothong ora ana dhuwite, dheweke mbengok sora. "Pakneeeee...!" □

(Kahyangan, Februari 2022)

Oase

Raeditya Andung Susanto

MANUSIA

Katamu, bersatu dan bersama

Adalah cara menjadi kita yang sempurna

Tapi kau lupa, bahwa sesungguhnya manusia adalah tempatnya Salah dan lupa Patah dan luka

Februari, 2022

DI KUBURAN

Di kuburan, orang-orang Berziarah untuk mendoakan Kenangan

Februari, 2022

DI KAMAR MANDI

Di kamar mandi, orang-orang Mencintai sepinya sendiri

Februari, 2022

DI JALANAN

Mereka meletakkan mimpinya Di jalanan

Di antara lalu lalang kendaraan Terik matahari Dan aspal basah yang diguyur hujan

Februari, 2022

DI KANTOR

Demi bertemu sabtu minggu, dari Senin sampai Jumat mereka Rela menabung rindu

Februari, 2022

*) **Raeditya Andung Susanto**, penyair kelahiran Bumiayu, Brebes. Sedang menyelesaikan studinya di Cikarang, Bekasi. Anggota Bumiayu Creative City Forum (BCCF).

MACAPATAN

Warisman

AJA LENA (Gambuh)

I

Nadyan aman desamu
Waspada marang corona virus
Padha njaga kasarasane pribadi
Aja lena pra kadangu
Tetep njaga murih matoh

II

Nadyan wus vaksin tuhu
Masker wijk kulinakna laku
Lamun kumpul aja cedhak ngati-ati
Njaga mrih slamet sliramu
Dadi tuladha kabeh wong

III

Kang durung vaksin iku
Sampun mratah papan vaksinipun
Bisa milih papan sing cocog ing ati
Kang cedhak papan dunungmu
Budhal kanthi ati maton.

IV

Corona virus iku
Mesthi bisa sinuda saestu
Protokol kesehatan iku wigati
Nyegah sawetara wektu
Virus ora bakal manggon

V

Kalis corona virus
Awak waras rinasa saestu
Gawe gampang pra sedulur nambut kardi
Kabeh padha ngantu-antu
Urip tentrem ati bombong.***

Kalliajir Lor 9 November 2021